

# NYC: Apre Lavi

Yon Gid sou Pwosesis  
pou Aplike pou yon  
Sètifikasi Lanmò

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil  
New York

[nyc.gov/health/deathcertificates](http://nyc.gov/health/deathcertificates)



# Resous COVID-19 yo (Swit)

---

- Vil New York (NYC): Vizite [nyc.gov/covid19](http://nyc.gov/covid19) oswa [nyc.gov/health/coronavirus](http://nyc.gov/health/coronavirus).
- Eta New York (NYS): Vizite [covid19vaccine.health.ny.gov](http://covid19vaccine.health.ny.gov).
- Administrasyon Resous ak Sèvis Sante: Vizite [hrsa.gov](http://hrsa.gov) epi chèche "**COVID-19 resources**" (**resous COVID-19 yo**).
- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: Vizite [cdc.gov/coronavirus](http://cdc.gov/coronavirus).
- Enstiti Nasyonal Sante: Vizite [nih.gov](http://nih.gov) epi chèche "**coronavirus**" (**kowonaviris**).
- Liy Aksè Sèvis Legal Vil New York la (NYC): Vizite [legalservicesnyc.org/what-we-do/covid-resources](http://legalservicesnyc.org/what-we-do/covid-resources) oswa rele 917-661-4500.
- Ajans Federal Jesyon Ijans: Vizite [fema.gov](http://fema.gov) epi chèche "**COVID-19 funeral assistance**" (**asistans fineray COVID-19**).

## Resous Jeneral yo

---

### Vil New York Byen

- Rele gratis konseye konfidansyèl ki byen fòme 24 sou 24 epi ki pale plis pase 200 lang nan 888-692-9355, voye tèks "WELL" bay 65173 oswa tchat nan [nyc.gov/nycwell](http://nyc.gov/nycwell).

## Resous Jeneral yo

---

Yon sètifika lanmò se yon dokiman ofisyèl legal konsènan lanmò yon moun. Feyè sa a bay enfòmasyon pou rann li pi fasil pou moun New York yo jwenn sètifika lanmò ak sèvis nan Vil New York (New York City, NYC).

## Rapò lanmò

Yon doktè pwofesyonèl dwe rapòte lanmò ki fèt nan Vil New York bay Depatman Sante ak lìjèn Mantal Vil New York (Depatman Sante) nan 24 èdtan oplita apre moun lan mouri.

### Enskripsyon Sètifika Lanmò

Founisè swen sante (moun ki mouri a) rapòte ke moun lan mouri vreman ak kòz lanmò a bay Depatman Sante Vil New York la.

Direktè fineray la oswa sant medikal la rapòte enfòmasyon moun ki mouri a (tankou dat nesans, adrès rezidansyèl nòmal, okipasyon) ak dispozisyon final (tankou antèman, ensinerasyon, antèman) bay Depatman Sante Vil New York la.

Depatman Sante Vil New York anrejistre lanmò a epi bay yon kopi sètifye yon sètifika lanmò sou demann swa direktè fineray ki fè rapò a oswa yon pati ki gen dwa\* (pa egzanp, konjwen, patnè domestik, paran, timoun, frè ak sè, moun ki kontwole dispozisyon an).

## Mande yon Sètifika Lanmò

Depatman Sante Vil New York la bay sètifika lanmò pou lanmò ki fèt nan Vil New York.

## Kilè?

Yon sètifika lanmò disponib yon fwa yo rapòte lanmò a epi anrejistre nan Depatman Sante ak liyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante).

## Kiyès?

Pati ki gen dwa yo ka kòmande yon sètifika lanmò nenpòt ki lè. Direktè fineray yo ka bay lòd pou yon sètifika lanmò pou jiska yon ane apre dat lanmò a.

## Kijan?

Akòz COVID-19, se sèlman pou demann ijans yo moun ka kòmande yon sètifika lanmò an pèsòn nan Vil New York. Pou ijans, voye yon imèl bay Biwo Sèvis Dosye Vital la nan **nycdohvr@health.nyc.gov** oswa rele **311**. Si pa gen ijans, kòmande sètifika lanmò sou Entènèt oswa pa imel:

- Sou entènèt: Vizite **vitalcheck.com**, resous otorize pou dosye enpòtan sou entènèt ofisyèl, leta a bay ak fason ki pi rapid pou kòmande.
- Pa lapòs:
  - Vizite **nyc.gov/health** epi chèche "**death certificate application**" (**aplikasyon sètifika lanmò**) pou telechaje aplikasyon an, epi konplete, siyen epi notarye li.
  - Asire w ou mete adrès imel ou a epi mete idantifikasyon ak siyati jan sa endike a, ansanm ak yon anvlòp ki tou gen adrès ou ak tenb lapòs sou li.
  - Kalkile frè yo epi mete peman ou a (\$15 pou chak kopi pou kòmann pa lapòs; manda postal oswa adrese chèk la pou peye "NYC Department of Health and Mental Hygiene"; yo pa aksepte lajan kach).

Pou sipò, rele **311** oswa 212-639-9675 andeyò Vil New York oswa imel **nycdohvr@health.nyc.gov**.

**Nòt:** Yo ka bay yon sètifikasi lanmò menmsi dispozisyon final la pa t detèmine. Toutotan detay sètifikasi yo rapòte, li ka anrejistre ak yon dispozisyon pwovizwa oswa tanporè.

## Jwenn yon ponp finèb

### Kòman pou mwen jwenn yon ponp finèb?

- Asosyasyon Direktè Ponp Finèb Eta New York yo (NYS) ofri yon lis ponp fonèb ki gen lisans nan [nysfda.org/index.php/news-events/find-a-funeral-home](http://nysfda.org/index.php/news-events/find-a-funeral-home).
- Biwo Direktè Ponp Finèb Eta New York la (NYS Bureau of Funeral Directing) ofri yon lis konpayi fineray ki gen lisans nan [health.ny.gov/professionals/funeral-director/reports/openfirms\\_alpha](http://health.ny.gov/professionals/funeral-director/reports/openfirms_alpha).

### E si mwen pa gen mwayen pou peye pou sèvis fineray epi mwen bezwen yon sètifikasi lanmò?

- Si yon ponp finèb pa enplike, yon pati ki otorize\* kapab kòmande sètifikasi lanmò a. Pou enfòmasyon, rele **311** oswa vizite [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "**death certificates**" (sètifikasi lanmò).

\*Pati otorize: Konjwen, moun ki te plase ak moun ki mouri a, paran, ptit, frè ak sè, granparan, ptit ptit, nyès/neve, matant/tonton, aryè ptit ptit, aryè ptit ptit, grannyès/granneve, enfòmatè ki nan sètifikasi lanmò a oswa moun ki kontwole dispozisyon an. Si pa nan lis pi wo a, ou dwe bay dokiman pou pwouve ou gen dwa w pou w jwenn yon sètifikasi lanmò. Pou kesyon yo, rele **311**

## **Depatman Sante Vil New York**

- Pou kòmande oswa korije yon sètifikasi lanmò, vizite [nyc.gov/health/deathcertificates](http://nyc.gov/health/deathcertificates).

## **Administrasyon Resous Imèn Vil New York**

- Depatman Sèvis Sosyal: Vizite [nyc.gov](http://nyc.gov) epi chèche "**burial assistance**" (**asistans pou antèman**).

## **Sèvis Depatman Veteran Vil New York**

- Pou jwenn enfòmasyon sou depoze yon reklamasyon Afè Veteran, vizite [nyc.gov/vetclaims](http://nyc.gov/vetclaims).
- Pou jwenn enfòmasyon sou aranjman yon antèman oswa antèman pou yon veteran, vizite [nyc.gov/vetburials](http://nyc.gov/vetburials).

## **Administrasyon Sekirite Sosyal**

- Vizite [ssa.gov](http://ssa.gov) epi chèche "**survivors benefits**" (**avantaj pou sivivan yo**) ak "**burial funds**" (**fon antèman yo**).

## **Enfòmasyon Jeneral Gouvènman Vil New York**

- Rele **311** oswa 212-639-9675.
- Avantaj Anplwaye Vil New York yo (NYC)
  - Konsèy Distri 37: 212-815-1000; [dc37.net](http://dc37.net)
  - Plan Konpansasyon Difere Vil New York: 212-306-7760; [nyc.gov/olr](http://nyc.gov/olr)
  - Sistèm retrèt anplwaye Vil New York yo: 347-643-3000; [nycers.org](http://nycers.org)